

Alèt pou Moun k ap Vwayaje Vil Nouyòk

Byenvini nan Vil Nouyòk

Eta Nouyòk te soti yon alèt pou tout moun k ap vwayaje ki soti nan yon Eta ki gen anpil ka COVID-19.

Selon alèt sa, Lalwa Eta Nouyòk fè obligasyon ke si ou soti nan yon eta kote ki gen yon gwo to moun ki enfekte a COVID-19, ou **oblige** pou w suiv gid Eta Nouyòk la ki anba a sinon w ap peye yon amann \$2,000.

Anba Lalwa Eta a

Si w ap soti nan nенpòt nan eta sa yo, EPI

Ou pase plis pase 24è nan Eta sa a, ou oblige pou w suiv gid ki anba a.

Gid Eta a:

1. Rete an karantèn epi separe w ak lòt yo pou w kenbe tout moun an sekirite . Tanpri, lè w kite pwen kote w soti a, rete lakay ou oswa rete kote ou desann nan pandan 14 jou, esepte si w gen ijans oswa si ou ta bezwen swen sante.
2. Ranpli Fòm Sante Vwayajè sa a nan traveler.health.ny.gov oswa eskane kòd ki anba a.



3. Revize lòt responsabilite ou genyen yo selon alèt pou moun k ap vwayaje a. Gen kèk esepsyon ki ka fèt pou travayè ki nesesè ki ap vwayaje vè Nouyòk. Al gade nan ny.gov/traveladvisory.

Si w bezwen sipò pandan moman ou an karantèn nan, NYC Test & Trace Corps ka ede w izole w lakay ou oswa gratis nan yon otèl prive. Èske w gen kesyon? Rele Nimewo Vil Nouyòk pou COVID-19 la nan **1-877-CVD-19NY (1-877-283-1969)**.

Men Eta yo ki ranpli kondisyon pou karantèn obligatwa **apatide**

. Lis sa a chanje regilyèman. Al gade nan

ny.gov/traveladvisory pou jwenn lis ki pi resan an.


Goumen kont COVID-19 nan Vil Nouyòk!

TÈS




Konnen kondisyon w. Jwenn tès COVID-19 ak tès antikò gratis.

RETRASE



Reponn apèl Pwofesyonèl ki la pou retrase kontak yo pou ede w kanpe pwopagasyon COVID-19 la nan kominote w la.

PRAN SWEN



Izole w an sekirite pou w pwoteje lòt yo ak pran swen w nan yon otèl oswa nan kay.

Èske w gen kesyon? Rele nimewo Vil Nouyòk pou COVID-19 la nan **1-877-CVD-19NY (1-877-283-1969)**.

NYC Test & Trace Corps angaje l pou l pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon pèsonèl ak sante w. Tout enfòmasyon nou resevwa yo konfidansyèl epi pwoteje daprè Kòd Sante Vil Nouyòk la. Test & Trace Corps pa pral poze okenn kesyon sou sitiasyon imigrasyon pèsòn.

Haitian Creole 08/20

NYC
HEALTH +
HOSPITALS

JL
Test & Trace
Corps